

- Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.
2) Ou pa gen dwa pale nan sal la.

Leya kokoye

Leya fè etid li nan yon gwo lekòl nan Pòtoprens. Li entelijan anpil. Li te tètman travay byen, li te soti loreya nan pwomosyon li a. Se yon fi ki rich ak konesans men ki pòv. Jiskaprezan li kenbe nan fon mal li tout diplòm li te konn resevwa yo.

Mademwazèl la bèl wotè. De janm li tankou de tanbou apre dans. Move lavi fè li pa genyen anpil vyann ki pouse sou po li. Li pa konn soti souvan men kòm tèt fanmi li ye, se li ki pou al bouske yon lavi miyò pou manman, frè ak sè li yo. Pafwa pou li ale nan randevou sa yo, li toujou fè sa li kapab pou li byen parèt. Konsa, yon wòb nwa ki tenn an mov, yon soulye saten ki pèdi bouk li. Pou pare move solèy, li frape bolit yo te fè manman li kado kòm kado fiyansay li. Kòm li konnen yon jenn fi pa dwe soti nenpòt kijan, anvan li deplase li gade tèt li nan glas. Pwoblèm lajan fè li pa kapab achte bwat poud boujwa. Li pran moso papyè kap ti frè li, yon moso papyè fen wouj. Li tranpe li nan yon dlo epi li pase li nan bouch li.

Leya kokoye sete yon timoun de figi. Tout moun konnen li. Tifi a responsab tout fanmi an. Apre li fin pèdi papa li, move sitiyasyon fè li menm, twa ti frè li, de ti sè li ak manman li al echwe nan Ri Antèman no 13. Yo tout al viv nan yon sèl ti pyès kay.

Leya se koutirèz. L ap fè kouti, kouti pakoti. Li fè chemiz ki sanble grèk kafe. Se li menm ki responsab tout sa k fèt nan kay la, plis tèt li. Lavi tout moun nan kay la, lwaye depann de machin nasyonal on fil la. Pafwa lè kouti a pa rapòte, li oblije achte kredi pou li peye lè sa bon.

Leya la, l ap boule. Se yon timoun de fanmi. Chak jou ki pase, malgre move espant li ap pran nan lavi, sa pa retire kouraj li genyen pou li batay ak lavi a ; li pa kite fanmi an neye. Li vle sove yo epi yo konte sou li tou.

Leya te konn respekte devwa li : li soulaje soufrans manman li ak bon ti mo epi li achte medikaman pou li pa souffri twòp. Li ede ti frè li ak sè li pou yo ale lekòl. Konsa demen yo va genyen plis chans si yo konn li.

Leya pa rankinyèz. Li pa genyen zanmi papa li yo nan kè. Li pa rayi minis la ki te imilye li a. Konsa tou, li pa gen tan pou li bay moun ki pa vle wè li nan lakou a yon plas nan kè li tou.

Maurice Sixto (pyès Leya Kokoye)

Premye Pati (30 pwen/6 pwen pou chak bon repons)

A- Konpreansyon tèks.

- 1) Ki tip tèks sa ye ?
- 2) Ki divès pèsonaj nou jwenn nan tèks la ?
- 3) Ki pèsonaj yo dekri nan tèks la ?
- 4) Jwenn mo ak ekspresyon ki fè pòtre moral Leya nan tèks la.
- 5) Bay sans de (2) ekspresyon sa yo selon tèks la:
 - a) timoun de figi
 - b) timoun de fanmi

3- Fé yon fraz kote ou ap itilize vèb seriyèl. (6 pwen)

4- Etabli diferans ant yon vèb tranzitif ak yon vèb entranzitif. Bay yon egzanp fraz pou chak ka. (6 pwen)

5- Fè reprezantasyon grafik fraz sa a. (10 pwen)
Papa mwen wè moun ki pran kòb la.

6- Tradui an fransè : (6 pwen)
Siwo myèl gen plis vitamin pase lèt bèf.
Rep:

.....

Pwodiksyon ekri

(30 pwen)

CH- Chwazi youn nan de (2) sijè anba yo:

1- Ou se reprezantan elèv yo nan klas ou ye a. Genyen yon pwoblèm sanite nan klas la. Ekri Direktè a yon lèt pou ou enfòme li sou fason n ap suiv kou nan klas la.

2- Papa ou se parenn yon maryaj. Li mande ou pou w prepare diskou sikonstans lan. Sèvi ak teknik ou te aprann yo nan fòmasyon klasik ou pou w kapab prepare diskou a.

Dezyèm pati (40 pwen)

B- Gramè – Vokabilè – Tradiksyon

1- Mete yon kwa sou lèt ki montre repons ki bon an.

(6 pwen)

Yon piblisite nan radyo se yon tèks :

- a) naratif
- b) eksplikasyon
- c) enfòmasyon ak eksplikatif
- d) ensitatif

2- Fè yon fraz ki genyen yon:

Predika adjektival.....

Predika nominal.....

Predika prepozisyonèl.....